



Laraj se yon maladi viral ki ka lakòz lanmò. Li ka evite, men li pa trete. Viris la atake sèvo bèt ki gen san cho. Li atake moun tou.



Pou plis enfòmasyon rele:

Division of Disease Control and Health Protection,  
Bureau of Epidemiology

(850) 245-4401

[www.floridahealth.gov/diseases-and-conditions/rabies/index.html](http://www.floridahealth.gov/diseases-and-conditions/rabies/index.html)



sa w ta dwe  
konnen  
konsènan laraj



Depatman Lasante Leta Florid



# ap pwoteje bèt ou gen nan kay, ou menm, ak fanmi ou



## Kouman laraj gaye?

Lè yon bèt trape maladi laraj, viris la epapiye nan saliv la epi li ka transmèt sou yon lòt bèt oswa sou yon moun, anjeneral lè bèt ki gen maladi a mòde. Transmisyon an kapab fèt tou si saliv sa a oswa tisi nève bèt la antre nan maleng ki pa fèmèn, nan bouch, nan nen oswa nan zye lòt bèt oswa moun.

## Kouman bèt ki anraje ye?

Bèt ki anraje ka gen konpòtman etranj—yo ka agresif, yo ka atake san yon vrè rezon, oswa yo ka aji trè dosil (sitou bèt sovaj yo). Yo ka pa anmezi pou manje, bwè oswa vale. Yo ka bave paske yo gen pwoblèm pou yo vale. Yo ka kilbite oswa yo ka vin paralize. Maladi laraj ap touye pifò bèt.

## Ki bèt yo rapòte ki anraje nan eta Florid?

Yo rapòte ti rat yo pi souvan. Apre yo se chovsouri ak rena. Depi ane 1980 yo, yo te rapòte chat anraje pi souvan pase chen ki anraje. Yo rapòte tou lenks-wou, moufèt, lout, cheval, boven ak firèt.

## Kisa pou mwen fè si yon bèt mòde m?

- Fwote blesi a imedyatman avèk anpil savon ak dlo tiyo pandan senk a dis minit.
- Eseye konnen yon deskripsyon bèt la okonplè epi detèmine kote li ye pou yon ekip kontwòl bèt ka pran li pou mete li nan izòlman oswa pou fè tès laraj sou li.
- Ale nan klinik doktè fanmi ou oswa nan sal-dijans ki toupre w la.
- Rele depatman sante konte kote w ap viv la oswa biwo kontwòl bèt. Bay deskripsyon ak pozisyon bèt la. Bèt la ap swa izole pandan dis jou (si se yon chen, chat oswa firèt) oswa y ap teste li pou konnen si li gen maladi laraj.

- Si w touye bèt la, pran prekosyon pou pa domaje tèt la, epi pa pran kontak ak bèt la ankò menm lè li fin mouri.

## Kisa pou mwen fè pou pwoteje tèt mwen, fanmi mwen ak bèt nan kay mwen kont maladi laraj?

- Fè yon veterinè vaksinen tout chen, chat, firèt ak cheval kont maladi laraj, epi asire ou swiv enstwiksyon veterinè a pou vaksinasyon.
- Pa pran kontak avèk bèt sovaj oswa bèt ki pèdi.
- Pa janm nourri bèt sovaj oswa bèt ki pèdi—pa atire yo avèk sous manje deyò (tankou fatra ki pa kouvri). Bay bèt ou manje andedan kay.
- Pa kite bèt ou lage. Swiv lwa pou mare bèt yo. Pou fè sa, kite bèt nan kay ou ak betay ou fèmèn nan pwopriyete ou.
- Sipòte kontwòl bèt nan kominote ou.
- Si yon bèt sovaj, yon bèt pèdi oswa yon bèt ki pa vaksinen atake bèt ou, PA egzamine bèt nan kay ou pou blesi san w pa mete gan. Lave bèt ou avèk savon ak dlo pou retire saliv ki sòti nan bèt ki atake li a. Pa kite bèt ou pran kontak avèk lòt bèt oswa moun jous lè ekip kontwòl bèt oswa ekip depatman sante konte a ka fè fas ak sitiyasyon an.

